

Pwomosyon 2025, 2026 ak 2027

Egzijans pou Gradyasyon

Pou gradye nan yon **Lekòl Biblik Providence**, yon elèv dwe **①**genyen pou pi piti 21 kredi kou nan kèk domèn kontni, **②**patisipe nan pi piti yon egzamen preparasyon pou inivèsite ak pou karyè epi **③**fè yon evalyasyon ki baze sou diplòm oswa yon pwojè ki apwouve pou elèv la.

1 | Kondisyon pou kredi pou kou lekòl segondè

Pou kapab diplome, elèv yo dwe fini yon minimòm 21 kredi jan sa a mansyone anba a:

- ↳ **4 Lang Anglè**
- ↳ **4 Matematik (sekans rekòmande Aljèb 1, Jeyometri, Aljèb 2)**
- ↳ **3 Syans Sosyal**
- ↳ **3 Syans**
- ↳ **2 Lang mondyal***
- ↳ **2 Edikasyon Fizik/Sante**
- ↳ **0.5 Boza**
- ↳ **0.5 Teknoloji**
- ↳ **Metriz finansye****
- ↳ **Kredi siplemantè ochwa**

*Egzansyon nan lang inivèsèl la pou elèv ki genyen andikap yo pral detèmine pa ekip IEP yo jan sa apwopriye.

**Yo ka ranpli sa a atravè yon Finans Pesonèl oswa yon lòt kou ki apwouve, ki montre metriz pa pwodwi pou pwomosyon gradyasyon 2024. Yo pral mande 1.5 jiska 2 kredi ochwa adisyonèl pou elèv sa yo ki idantifye, selon fason yo konplete kou Metriz Finansye a.

2 | Ekzamen ki baze sou Preparasyon pou inivèsite ak karyè

Tès ak evalyasyon ki mansyone anba a mezire konpetans elèv la nan lekti, ekriti ak nan matematik. Pou kapab diplome, elèv yo dwe fini pou pi piti youn nan sa yo ki annapre yo:

- ↳ ***PSAT/NMSQT**
SAT Preliminè/ Tès Kalifikasyon pou Bousdetid Nasyonal (National Merit Scholarship Qualifying Test)
- ↳ ***SAT**
Ansyen Tès Evalyasyon Lekòl la, kounye a yo rele tou senpleman SAT
- ↳ **ACT (Tès pou Inivèsite Ameriken)**
- ↳ **AP (Plasman avanse)**

*Egzijans tès leta yo

3 | Pwojè gradyasyon ki baze sou pèfòmans sivik

Yon evalyasyon diplòm sou baz pèfòmans genyen ladan yon seri tach ki genyen plizyè fasèt ki sèvi kòm yon *demonstrasyon kilminan nan konpetans aprantisaj aplike yon elèv ak konesans li* nan youn oswa plis domèn kontni yo.

Opsyon Sètifica pou Elèv k ap Fè Evalyasyon Altènatif Rhode Island yo Elèv ki elijib pou evalyasyon altènatif la jan sa mansyone nan Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP) elèv la kapab resevwa yon diplòm pandan l ap satisfè egzijans gradyasyon sa yo:

- ↳ **Reyisi 21 kredi yo jan sa a mansyone nan Pati 1 avèk pwogram etid modifie a**
- ↳ **Reyalize yon pwojè fen etid**
- ↳ **Patisipe nan Evalyasyon Altènatif Eta a**

Pwosesis pou Kontestasyon Tout elèv ki pa rive satisfè egzijans minimòm distri lekòl yo pou gradyasyon an genyen dwa pou konteste rezolisyon sa a. Yo ka jwenn enfòmasyon sou pwosesis kontestasyon an nan Politik Egzijans pou Gradyasyon distri a nan:
www.providenceschools.org/graduation